

Chè paran oswa responsab:

Dapre Seksyon 504 Lwa reyabilitasyon 1973 la (yon lwa federal) ak [Règleman Chanselye A-710 \(Chancellor's Regulation, CR A-710\)](#), pitit ou a kapab resevwa sèvis sante ak/oswa akomodasyon nan lekòl ak nan lòt pwogram ak aktivite DOE. Sèvis sa yo ede elèv ki gen bezwen sante espesyal pou patisipe sou yon baz egal ak kamarad yo ki pa gen andikap. Pa egzanp: yo ka bay elèv ki gen yon pwoblèm medikal medikaman nan lekòl la dapre eksplikasyon founisè swen sante li, oswa elèv ki gen pwoblèm pou wè oswa tande ka chita tou pre pwofesè a oswa tablo a.

Kòman pou w konnen si pitit ou a kalifye pou sèvis ak/oswa akomodasyon:

1. Kontakte swa:

- Kowòdonatè 504 la oswa Direktè lekòl pitit ou a;
- Manadjè pwogram Seksyon 504 la, nan 504Questions@schools.nyc.gov.

Bay non pitit ou a, lekòl li, ak klas l ap fè epi dekri pwoblèm pitit ou a ak ki kalite èd li bezwen.

2. Kowòdnatè 504 la oswa Direktè lekòl pitit ou a pral eksplike kòman pou aplike pou sèvis ak/oswa akomodasyon pou pitit ou a.

3. Aprè ou fin aplike, lekòl ou a ap gade demann ou a pou detèmine si pitit ou a elijib pou sèvis ak/oswa akomodasyon. Nan espas 5 jou lekòl apre yo fin resevwa fòm demann 504 ou ranpli yo, w ap resevwa yon avi ki envite ou nan yon Reyinyon Ekip 504 la nan lekòl la pou pale sou bezwen pitit ou a. Tou depan de sèvis ou mande yo, Reyinyon an dwe fèt pa pita pase 15 oswa 30 jou lekòl apati lè yo resevwa fòm demann 504 ki ranpli a.

Akomodasyon 504 ki vini avèk lèt sa a: [Gid pou elèv ak fanmi](#) ak [Avi kont diskriminasyon dapre Seksyon 504](#) bay plis detay konsènan dwa pitit ou a. Resous sa yo, ansanm avèk CR A-710 ak fòm ki gen rapò avèk yo disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/504-accommodations>

Si w gen nenpòt kesyon, oswa si w gen enkyetid sou aksè pitit ou nan yon pwogram aktivite anplis ki pa fè pati kourikoulòm nan DOE oswa ki pa nan DOE, tanpri kontakte Kowòdonatè 504 la oswa direktè w la, oswa voye yon imèl nan 504Questions@schools.nyc.gov.

Avèk senserite,

Kowòdonatè 504 la

Direktè a